

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl pou blakawout

Blakawout ki rive soudan, se bagay ki kapab fristran e ki bay moun pwoblèm, espesyalman lè yo dire anpil tan. Si yon blakawout dire 2 èdtan oswa mwens, ou pa bezwen pè poutèt ou ta ka pèdi manje ki perisab ou yo. Men lè blakawout la dire anpil tan, sepandan, gen sèten aksyon ou kapab pran pou redwi kantite manje w ap pèdi e pou kenbe tout moun ki abite avèk ou alèz kòm Blèz.

Konsèy pou konsèvasyon lenjè

- Etenn tout limyè ak konpitè pèsòn p ap itilize.
- Lave rad yo nan dlo frèt, si posib; ranpli machin la ak lenj e netwaye filt ak chapi machin pou seche lenj yo apre chak fwa ou sèvi avèk li.
- Lè w ap sèvi ak lav-vesèl la, ranpli machin la nèt e itilize sikl leje a. Si sa posib, sèvi ak sikl rensaj la sèlman e etenn opsyon rensaj anba tanperati elve. Lè sikl lavaj nòmal la fini, senpman ouvri pòt lav-vesèl la pou pèmèt vesèl la seche pou kont yo.
- Ranplase anpoul limyè enkandesan yo avèk limyè fliyoresan konpak ki pa konsome anpil enèji.

Kijan mwen dwe pare kòm m pou yon blakawout ?



Pou ede prezève manje w, kenbe founiti sila yo lakay ou :

- Youn oswa plizyè glasyè—Bon mache Glasyè ki fèt avèk mous polistirèn trè bon pou sa.
- Glas—Si w antoure manje w avèk glas nan yon glasyè oswa nan frijidè a pral kenbe manje a pi frèt pandan plis lontan lè gen yon blakawout ki dire lontan.
- Yon tèmomèt nimerik rapid—Grasa kalite tèmomèt sa yo ou kapabkontwole rapidman tanperati entèn man je apou w konnen si yo frèt ase pou w kapab sèvi avèk yo san danje.

Pare yon twous pou preparasyon nan ka ijans avèk rtezèw founiti sa yo sizoka ta gen yon blakawout ki dire lontan oswa ki jeneral :

- Dlo—yon galon pou chak pèsòn, pa jou (yon rezèw pou 3 jou sizoka ou ta dwe evakye, rezèw pou 2 semèn pou lakay ou) • Manje—ki pa gate fasil, bagay ki fasil pou pare (yon rezèw 3 jou sizoka ou ta dwe evakye, pou 2 semèn pou lakay ou) • Yon flach (**NÒT : Pa sèvi ak bouji pandan yon pann elektrisite poutèt gen yon gwo risk li kapab mete dife.**) • Radyo ki mache ak pil oswa ak manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si se posib) • Yon rezèw pil • Yon twous premye swen • Medikaman (yon rezèw pou 7 jou) ak atik medikal • Zouti miltifonksyonèl • Atik sanite ak atik ijyèn pèsònèl • Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak enfòmasyon medikal enpòtan, tit pwopriyete/kontra lokasyon kay ou, paspò, batistè kontra asirans) • Selilè avèk chajè yo • Enfòmasyon pou kontakte fanmi w ak pèsònèl pou ijans • Lajan kach
- Si gen yon moun lakay ou ki depann yon ekipman ki mache ak elektrisite pou pèmèt li siviv, sonje pou ajoute yon dezyèm jeneratè kouran nan plan evakyasyon ou an.
- Kenbe yon telefòn ki pa yon telefòn san fil lakay ou. Li gen dwa mache menmsi gen blakawout.
- Ranpli tank gaz machin ou nèt.

Kisa mwen ta dwe fè lè kouran an tounen ?



Kisa mwen ta dwe fè pandan yon blakawout ?

- Kenbe pòt frijidè ak frizè yo fèmen jan sa posib. Sèvi an premye avèk manje ki kapab gate ki nan frijidè a. Yon frijidè yo pa janm louvri pral kenbe manje a frèt pandan apeprè 4 èdtan.
- Apre sa, sèvi ak manje ki nan frizè a. Yon frizè ki ranpli nèt pral kenbe tanperati a pandan apeprè 48 èdtan (24 èdtan si li ranpli amwatye) si yo pa louvri pòt la.
- Sèvi avèk manje ki pa gate fasil ak-machandiz premye nesosite apre ou fin sèvi ak manje ki te nan frijidè ak frizè a.
- Si w gen lenpresyon blakawout la pral dire pi lontan pase 1 jou, pare yon glasyè avèk glas pou atik ki nan frizè w.
- Kenbe manje a nan yon andwa ki sèk e fre e kenbe manje a kouvri tout tan.

Ekipman elektrik

- Etenn e dekonekte toute kipman elektrik ki pa nesèsè, ikonpri tout aparèy elektwonik yo ki frajil.
- Etenn oswa dekonekte kèlkeswa aparèy elektrik (tankou fou yo), ekipman oswa aparèy elektwonik ou t ap itilize lè blakawout la kòmanse. Lè elektrisite a tounen, sirtansyon oswa varyasyon kouran ki soudan gen dwa domaje ekipman an.
- Kite limyè a limen pou w kapab konnen lè kouran an tounen.
- Elimine tout deplasman ki pa nesèsè, espesyalman si se pou pran machin ou. Limyè sikilasyon yo p ap fonksyone e wout yo pral plen machin.

Itilize jeneratris san danje

- Lè w ap sèvi ak yon jeneratris pòtab, konekte ekipman an ou ta renmen alimante ak kouran dirèkteman nan priz ki enstale sou jeneratris la. Pa konekte yon jeneratris pòtab nan sistèm elektrik yon kay.
- Si w gen lentansyon achte yon jeneratris, mande yon pwofesyonèl konsèy, tankou yon elektrisyen. Asire w jeneratris w ap achte a kalibre pou pwisans ou panse w ap bezwen an.

Kisa mwen ta dwe fè lè kouran an tounen ?



- Pa manyen okenn kab elektrik e mande fanmi w pa pwoche yo. Rapòte kab elektrik ki tonbe ba ofisyèl ki responsab ki nan zòn ou.

Jete tout manje ki pa san danje.

- Jete tout manje ki te rete deyò anba tanperati 40° F (4° C) pandan 2 èdtan oswa plis oubyen ki gen sant, koulè oswa konsistans ki pa nòmal. Lè ou gen dout, pa pran chans, jete li !
- Pa janm goute manje ni pa baze w sou aparans oswa sou sant manje a pou decide si manje a san danje. Gen sèten manje ki gen dwa sanble yo kòrèk e yo ka santi bon, men si yo te rete anba tanperati yon pyès twò lontan, bakteri ki lakòz maladi ki egziste nan manje gen dwa kòmanse devlope rapidman. Sèten tip bakteri konn prodwi toksin ki pa mouri lè w kwit manje a.
- Si mane ki nan frizè a pi frèt pase 40° F e si li gen ti mòso kristal glas sou li, ou kapab remete l nan frizè a.
- Si w pa konnen si manje a frèt ase, mezire tanperati li avèk tèmomèt pou manje a. Jete nan poubèl tout manje (vyann, volay, pwason, ze ak rès manje) ki te ekspozè anba tanperati i pi wo pase 40° F (4° C) pandan 2 èdtan oswa plis, ansanm ak tout manje ki gen yon sant, yon koulè oswa yon konsistans ki pa nòmal, oswa si li sanble lè cho lè ou manyen li.

Atansyon : Monksid kabòn kapab tiye moun

- Pa janm sèvi ak yon jeneratris, yon gril, yon fou pou kanping oswa lòt aparèy ki brile gazolin, pwopan, gaz natirèl oswa chabon andedan yon kay, yon garaj, yon kav, yon espas ant mi fondasyon yo oswa nan kèlkeswa andwa ki pasyèlman fèmen. Plase aparèy ki ka pèmèt pou monksid kabòn antre anndan kay la lwen pòt, fenèt ak vantilasyon segondè yo.
- Premye danje ou dwe evite lè w ap sèvi ak yon lòt sous elektrisite, chofaj oswa pou kwit manje se anpwazonman avèk monksid kabòn, chòk elektrik ak dife.
- Enstale alarm pou detekte monksid kabòn nan anplasman santral sou chak etaj lakay ou ak deyò zòn kote moun dòmi pou w kapab avèti rapidman lè monksid kabòn ap akimile yon kote.
- Si siren alarm pou deteksyon monksid kabòn la kòmanse sonnen, deplase w touswit soti deyò kay la nan koteki gen lè frè oswa akote yon fenèt ki louvri oswa yon pòt.
- Rele pou mande asistans lè w rive nan kote ki gen lè fre a e rete la a jiskaske pèsònèl ijans la rive pou ba w asistans.

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w sibi yon dezaz, enskri w sou sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele San dajè ak anfòm ki disponib grasa RedCross.org/SafeandWell pou kite fanmi w ak zanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri w ansanm ak fanmi w.